

Pwogram ekonami Medicare (Medicare Savings Program, MSP)

Ki anvan te rele MassHealth Senior Buy-In e MassHealth Buy-In Program

Kisa Pwogram ekonami Medicare (Medicare Savings Program, MSP) ye?

MSP (ki anvan te rele pwogram MassHealth Senior Buy-In e Buy-In) se pwogram ki peye pou enpe oubyen tout prim, dediktib, kopeman, e koasirans pou benefisyè Medicare. Nan eta Massachusetts, se MassHealth ki jere MSP. Nou ofri twa kalite kouvèti diferan nan MSP :

- **Benefisyè Medicare ki kalifye (Qualified Medicare Beneficiary, QMB), ki anvan te rele MassHealth Senior Buy-In :** MassHealth peye pou prim Medicare Part A, si w gen youn (pifò moun pa genyen I), e prim Medicare Part B e pataj frè (peye kèk nan frè tankou kopeman, dediktib, e / oubyen prim). Si w gen QMB, founisè swen medikal ou a pa dwe voye fakti ba ou ni pou kopeman ni pou dediktib Medicare. Sa gen ladan founisè plan Medicare Advantage. Men ou gendwa toujou gen pou w peye kopeman nan famasi.
- **Benefisyè Medicare presize pou moun ki gen Ti Revni (Specified Low-Income Medicare Beneficiary, SLMB) e moun ki admisib (Qualifying Individual, QI), ki anvan te rele MassHealth Buy-In :** MassHealth peye pou prim Medicare Part B.

Enskri nan nenpòt nan MSP yo vle di tou ou otomatikman gen kouvèti medikaman avèk ti kopeman. Epitou li pèmèt benefisyè Medicare enskri pou Medicare Part B nenpòt lè nan lane a, san peman yon penalite finansyè pou enskripsyon an reta.



Kisa MassHealth ye?

MassHealth se pwogram Medicaid la nan eta Massachusetts. Kouvèti konplè MassHealth ede peye pou sèvis medikal e swen konpòtmantal pou timoun, adilt, e moun aje ki malere. Pwogram konplè MassHealth tankou MassHealth Standard gen ladan sèvis

Medicare pa kouvri, tankou swen dan, linèt, e aparèy nan zòrèy pou tandè, transpò san ijans, epi sèvis e soutyen alontèm. (Kèk egzanp nan sèvis e soutyen alontèm se sèvis edan nan swen pèsònèl [personal care attendant, PCA], sante adilt lajounen, e sèvis ki kouvri anba dispans pou granmoun aje ki frajil [Frail Elder Waiver, FEW].) Anpil moun ki gen MassHealth pa gen pataj frè pou yo peye. Eksepte pou moun ki viv nan mezon retrèt alontèm, pifò moun ki gen MassHealth pa gen frè pou yo peye yomenm pou sèvis ki kouvri.

Pou enfòmasyon siplemantè, monte nan [sit wèb](#) nou a.

Kòman MSP pa menm ak pwogram konplè MassHealth?

MSP pa plan asirans. Yo se pwogram ki tabli pou ede bese tarif kouvèti asirans Medicare ou a. MSP toujou konbine avèk Medicare e pa ofri okenn lòt kouvèti oubyen sèvis Medicare pa founi.

Pwogram MassHealth konplè tankou MassHealth Standard e Commonwealth se pwogram asirans sante yo ye. Yo gendwa itilize poukont yo oubyen ansanm ak kouvèti Medicare ou a. Kontrèman ak MSP, MassHealth founi kouvèti epi sèvis Medicare pa ofri.

Kèk moun gendwa kalifye pou Medicare, MSP, e kouvèti konplè MassHealth.



Kalifye pou yon MSP

Kòman pou m gen yon MSP?

Ou gendwa jwenn sèlman yon MSP, oubyen jwenn toude yon MSP e MassHealth. Pou gen yon MSP, se pou w gen yon revni denonbrab pi ba pase nivo povrete ki nan tablo a.

E revni w lemwa se*	Ou gendwa ka jwenn
Mwens oubyen egal 190% FPL	QMB
Plis pase 190% FPL e mwens pase oswa egal 225% FPL	SLMB / QI

*Limit sou revni chanje 1^e mas chak lane. Limit FPL alèkile yo disponib nan sit entènèt ou a nan

www.mass.gov/info-details/program-financial-guidelines-for-certain-masshealth-applicants-and-members.

Pa gen tès sou aktif pou MSP sèlman

Pa gen tès sou aktif pou yon benefis MSP. MA21 pa verifye aktif lè l ap evalye yon manm oubyen yon moun k ap fè aplikasyon pou admisibilite pou MSP sèlman. Tout moun k ap fè aplikasyon oubyen manm kote dosye l detèmine nan MA21 ap evalye pou admisibilite nan MSP san okenn verifikasyon aktif yo.

Kalifye pou yon MSP e pou MassHealth

Ou gendwa kalifye pou toude yon MSP e MassHealth depi tout nan sa ki annapre la a valab pou ou.

- Ou se yon benefisyè Medicare.
- Revni w swa mwens pase oswa li egal 225% FPL.
- Ou satisfè règ MassHealth Standard oubyen CommonHealth.
- Pou sèten benefis MassHealth*, se pou w satisfè limit aktif denonbrab Masshealth ki se \$2,000 pou selibatè k ap fè aplikasyon e \$3,000 pou de moun marye.

Si revni w pi plis pase 225% FPL e w satisfè limit aktif denonbrab MassHealth, ou gendwa toujou kalifye pou kouvèti MassHealth konplè.

Si aktif denonbrab ou yo pi plis pase limit aktif MassHealth yo, men revni w mwens pase 225% FPL, nou pral verifye pou n wè si w kalifye pou MSP.

MassHealth e MSP gen règ presi sou kòman revni e aktif yo konte. Pa egzanp, an vèti règ denonbman aktif yo, valè kay ki pou ou a epi ou abite ladan l lan, e valè yon machin, pa nan kalkil pou limit aktif la. Pa gen lòt eksklizyon.

*Pa gen limit pou aktif nan CommonHealth.

Kòman pou m konnen kisa pou mwen mande?

Meyè fason pou w deside si w dwe fè yon aplikasyon pou MassHealth e / oubyen yon MSP se nan reflechi sou kalite e pri swen medikal ou yo. Chak moun ap gen chwa diferan e diferan desizyon pou yo pran dapre pwòp swen yo bezwen.

Pouki m ta vle yon kouvèti konplè MassHealth epi Medicare?

Medicare pa jeneralman kouvri sèvis ki annapre yo.

- Swen dan
- Linèt
- Aparèy nan zòrèy pou tande
- Transpò medikal ki pa ijan
- Sèten sèvis e soutyen alontèm
- Sejou pou plis pase 100 jou nan yon etablisman swen enfimye(è) konpetan

Kouvèti konplè MassHealth gen sèvis sa yo ladan. Si sèvis sa yo enpòtan pou ou, ou gendwa vle fè aplikasyon pou kouvèti MassHealth konplè. Si w gen plis pase 65 lane oubyen w nan nenpòt laj men w bezwen sèvis e soutyen alontèm nan kominote a oubyen nan yon etablisman ki founi swen enfimye(è) konpetan, sèvi ak Aplikasyon pou kouvèti medikal pou moun aje e moun ki bezwen sèvis swen alontèm (Application for Health Coverage for Seniors and People Needing Long-Term-Care Services, [SACA-2](#)). Si w satisfè youn nan eksepsyon ki annapre yo, se pou w ranpli Aplikasyon pou asirans swen medikal e dantè e èd nan peman frè yo (Application for Health and Dental Coverage and Help Paying Costs, [ACA-3](#)). Aplikasyon sa yo pi long e pi konplike pase aplikasyon pou pwogram ekonomi Medicare (Medicare Savings Program, [MSP](#)) a, men li pèmèt ou fè aplikasyon pou kouvèti ki gendwa pi itil pou ou.

Pouki m ta vle yon MSP?

Si w vle MassHealth sèlman peye frè Medicare ou yo, oubyen w konnen ou p ap kalifye pou kouvèti konplè MassHealth, yon MSP gendwa se pi bon chwa a pou ou. Aplikasyon ki sèlman pou MSP se yon aplikasyon ki pi kout e pi fasil pou ranpli pase aplikasyon pou konvèti konplè MassHealth la.

Èske rekouvremman siksesyon aplike nan MSP?

Non, rekouvremman siksesyon pa aplike nan MSP.

Siksesyon w pa gen pou l ranbouse MassHealth pou benefis MSP ou yo apre w fin mouri. Sa vre kèlkeswa aplikasyon ou itilize a pou w kalifye pou MSP. Men, si w gen kouvèti konplè MassHealth, MassHealth gendwa eseye rekipere, nan men siksesyon w lan, lajan nou depanse pou swen ou yo. Sa rele yon rekouvremman nan siksesyon. Pou enfòmasyon siplemantè, monte tanpri nan mass.gov/estatererecoverydetails.

Kisa pou m fè si yon founisè pa aksepte QMB e voye fakti ban mwen?

An vèti lwa federal, sèten benefis MassHealth, sa gen ladan QMB, peye obligasyon pataj fakti manm yo. Lwa eta e lwa federal egzije pou founisè yo faktire MassHealth, men pa faktire manm endividyèl MassHealth yo, lè benefis MassHealth yo gen ladan peman pou pataj frè.

Si yon founisè voye fakti ba ou oubyen li pa aksepte QMB ou a, sonnen Medicare nan 1-800-MEDICARE / (800) 633-4227, TTY : (877) 486-2048.

Wè tou [bilten 386 MassHealth sou tout founisè](#) sou faktirasyon ilegal manm benefisyè kalifye nan Medicare.

Kisa k ap rive si m vle Health Safety Net e MSP?

Manm ki kalifye pou yon MSP ap resevwa tou Health Safety Net (HSN).

HSN peye pou swen egi nan lopital e klinik medikal kominotè pou sèten sèvis lòt kouvèti pa peye pou moun ki gen ti revni ki rezidan Massachusetts. HSN ka peye tou kopeman e dediktib Medicare lopital e sant medikal kominotè faktire. Pasyan ki gen ti revni dwe gen yon revni ki swa 300% FPL oswa mwens pou yo kalifye pou HSN, men pa gen okenn tès pou aktif. HSN pa ni kouvèti swen sante ni asirans. Moun ki gen frè swen medikal HSN peye se moun ki pa enskri nan MassHealth.

Kòman m ka fè yon aplikasyon ?

Ki tip aplikasyon	Kiyès ki ka itilize l	Ki lè pou itilize l
Aplikasyon pou pwogram ekonomi Medicare (MSP)	Benefisyè Medicare	Aplikasyon sa a ka sèlman sèvi pou fè aplikasyon pou MSP ; li pa ka sèvi pou fè aplikasyon pou okenn lòt pwogram.
Aplikasyon pou kouvèti medikal pou moun aje e moun ki bezwen sèvis swen alontèm (SACA-2)	Moun ki gen 65 lane oubyen nan tout laj men ki gen sèvis e soutyen alontèm nan kominote a oubyen nan yon etablisman ki founi swen alontèm.	Aplikasyon sila ka sèvi pou fè aplikasyon pou tout pwogram MassHealth, tèlke kouvèti konplè epi MSP.
Aplikasyon Massachusetts pou kouvèti medikal e dantè epi èd nan peman frè yo (ACA-3)	Moun ki poko gen 65 lane e k ap okipe yon timoun ki poko gen 19 lane	Aplikasyon sila ka sèvi pou fè aplikasyon pou tout pwogram MassHealth, tèlke kouvèti konplè epi MSP.

Kòman pou jwenn èd

Men kòman ou ka jwenn èd :

1. Telefonnen MassHealth.

Telefonnen nan (800) 841-2900, TDD / TTY : 711, pou fè aplikasyon, pou poze kesyon, oubyen pou mete enfòmasyon ou yo ajou nan telefòn. MassHealth gen reprezantan ki disponib lendi jouk vandredi, ant 8:00 a.m.jouk 5:00 p.m.

2. Ale nan biwo MassHealth.

Ou ka ale tou nan yon sant enskripsyon MassHealth (MassHealth Enrollment Center, MEC). MEC yo louvri pou detwa vizit san randevou ant 8:45 a.m. jouk 5:00 p.m. Ou gendwa pran randevou tou avèk MassHealth. Nou ankouraje w itilize [pwograme randevou](#) MassHealth la si w ta bezwen èd yon reprezantan MassHealth.

3. Ale wè yon edan nan enskripsyon.

Èd nan men yon edan nan enskripsyon gratis pou tout moun. Edan nan enskripsyon, tèlke navigatè e konseye sètifye pou fè aplikasyon, se moun ki fòme e ki gen sètifika nan òganizasyon ki nan katye kote w rete a. Jwenn yon edan nan enskripsyon pre lakay ou nan [Rechèch pou edan nan enskripsyon](#).

4. Jwenn èd nan men yon konseye sèvi bezwen asirans sante tout moun (Serving the Health Insurance Needs of Everyone, SHINE).

W ap jwenn konseye SHINE ki pi pre w la grasa pwen daksè pou moun aje (Aging Services Access Points, ASAPs). Konseye SHINE yo ka wè w e ede w fè aplikasyon pou yon MSP.

5. Li plis enfòmasyon anliy sou MSP.

W ap jwenn plis enfòmasyon nan mass.gov/info-details/help-paying-medicare-costs.